

Patient Education

COVID-19 ak pwosedri pou pasyan ki pa entènè lopital

You must carefully read the "Consumer Information Use and Disclaimer" below in order to understand and correctly use this information

Apwopo sijè sa a

Yon lòt non yo konn bay maladi kowonaviris 2019 se COVID-19. Se yon viris yo rele kowonaviris ki mache ak SARS (SARS-CoV-2) ki lakòz li. Doktè ak lopital yo voye anpil operasyon ak pwosedri ki pa t ijan pou pi ta. Yo fè sa pou plizyè rezon.

- Pèsonèl medikal la sipoze mete kach-nen, rad lopital ak gan pou anpil pwosedri oswa operasyon. Pa t gen ase nan bagay sa yo e pèsonèl medikal la te bezwen yo pou pran swen pasyan ki gen COVID-19 yo.
- Gen pasyan ki ka gen COVID-19 sa yo pa konn sa. Jan de pasyan sa yo ka yon danje pou pèsonèl medikal la ak lòt pasyan yo.
- Anpil moun k ap travay nan diferan sèvis nan lopital yo te oblije pran swen moun ki te gen COVID-19. Sa vle di yo pa t ka fè travay nòmal yo.
- Gen kèk moun ki te malad anpil akòz COVID-19 ki vin bezwen yon machin respirasyon pou ede yo respire. Doktè yo te sèvi ak machin respirasyon yo te konn itilize nan sal operasyon yo pou ede moun ki gen COVID-19.

Jeneral

Pèsonèl medikal la panse gen plis sekirite kounye a pou fè pwosedri a oswa operasyon an. Yo kapab pran swen w ak plis sekirite pase anvan. Pèsonèl medikal la pral mande w si w te pran vaksen kont COVID-19 la oswa si w te bò kote moun ki gen COVID-19.

Pandan w ap prepare pou operasyon w oswa pwosedri w, tanpri sonje bagay sa yo:

- Fè yon tès COVID-19 si doktè w mande sa.
- Ale nan tout randevou yo ba w yo pou prepare operasyon an, kit se yon randevou telemedsin, kit se an pèsonn.
- Si w pa vaksinen nètale kont COVID-19 la, ou ka gen pou:
 - Rete an karantèn jis nan dat operasyon an. Sa vle di evite lòt moun toutotan sa posib. Sa ap fè w gen mwens chans pou pran COVID-19.

- Rete nan yon chanm apa epi itilize yon saldeben separe, si w kapab. Mande yon manm fanmi w oswa yon zanmi w al fè makèt, achte medikaman oswa al chèche lòt bagay pou ou.
- Mete yon kach-nen an twal si w oblije gen lòt moun bò kote w. Respekte distansyasyon sosyal la epi kenbe yon distans 6 pye (1,8 mè) ak lòt moun.
- Lave men w souvan avèk dlo ak savon pandan omwen 20 segonn, sitou apre w touse oswa estènye. Itilize dezenfektan pou men ki gen omwen 60 pousan alkòl si pa gen dlo ak savon kote w ye a. Fwote men w avèk dezenfektan an pandan omwen 20 segonn.
- Verifye sentòm ou yo epi rele doktè w si w gen yon lafyèv ki nan 100,4°F (38°C) oswa plis, frison, tous.
- Se pou w fleksib. Yo gendwa chanje dat operasyon an oswa pwosedi a. Sa ki enpòtan an se pou ou rete an sekirite e pou lopital la ka pran swen w an sekirite.

Nan jou operasyon an oswa pwosedi a, bagay yo ka diferan tou. Ou ka:

- Gen yon kontwòl tanperati lè ou rive nan etablisman an. Epitou, yo gendwa poze w kèk kesyon sou vaksinasyon oswa sentòm ou yo. Kontwòl sa a ap ede pèsònèl medikal la konnen ou an sante, konsa w ap ka fè operasyon w oswa pwosedi w.
- Gen yon kach-nen yo ba w pou mete. Li posib tou pou w wè anplwaye yo gen kach-nen, ni nan sal operasyon an, ni lòt kote.
- Gen pou vini poukont ou oswa ak yon ti kantite moun sèlman. Veye pou pote nimewo telefòn moun ki kontak ou.
- Gen pou itilize teknoloji, tankou telefòn oswa òdinatè, pou kenbe kontak avèk fanmi w ak zanmi w yo.
- Fè operasyon an oswa pwosedi a yon lòt dat si w malad oswa si w teste pozitif pou COVID-19.

Aprè operasyon w oswa pwosedi w, ou ka:

- Atann pou pèsònèl medikal la kenbe kontak ak moun ki kontak ou. Yo gendwa fè sa an pèsonn, nan telefòn oswa atravè lòt metòd.
- Ale lakay ou oswa rete lopital la, selon sa ki te fèt la.
- Gen pou aprann fason pou w pran swen tèt ou lakay ou. Si sa nesèsè, pèsònèl medikal la pral repase enfòmasyon sa yo avèk moun ki kontak ou tou.
- Resevwa vizit telemedsin, an pèsonn oswa toule de nan men doktè w.

Itilizasyon ak dechaj responsablite konsènan enfòmasyon konsomatè yo:

Enfòmasyon sa yo pa reprezante okenn konsèy medikal an patikilye, epitou yo pa ranplase enfòmasyon ou jwenn nan men pwofesyonèl sante w la. Yo se sèlman yon ti rezime enfòmasyon jeneral. Se PA tout enfòmasyon ki egziste sou kondisyon, maladi, blese, tès, pwosedi, tretman, terapi, enstriksyon pou egzeyat yon pasyan oswa chwa konsènan mòd devi ki gendwa aplike nan sitiyasyon pa w. Ou dwe pale

avèk pwofesyonèl sante w la pou jwenn tout enfòmasyon ou bezwen sou sante w ak opsyon tretman ou genyen. Ou pa ta dwe itilize enfòmasyon sa yo pou decide si pou aksepte oswa si pou pa aksepte konsèy, enstriksyon oswa rekòmandasyon pwofesyonèl sante w la. Se sèl pwofesyonèl sante w la ki gen ase konesans ak fòmasyon pou ba w konsèy ki bon pou ou. <https://www.wolterskluwer.com/en/know/clinical-effectiveness-terms>

Last Updated 4/13/22



© 2022 UpToDate, Inc. and its affiliates and/or licensors. All rights reserved.